

Rete An Sante. Resevwa Rekonpans.

Resevwa \$300 ant 1ye Janvyè ak 31 Desanm 2025. Men kijan:

Ou gen de (2) opsyon pou w resevwa \$300 rekonpans!

FÈ YON EGZAMEN PREVANTIF OSWA DEPISTAJ KANSÈ

Egzamen ak depistaj ki kalifye:

- Egzamen prevantif
- Egzamen obstetrik/jinekolojik
- Depistaj kansè nan kòl matris (Pap tès oswa HPV)
- Depistaj kansè nan kolon (li ka gen ladann tès pou fè lakay ou ki preskri)
- Mamogram
- Depistaj pwostat
- Depistaj kansè nan po
- Pran yon randevou ak doktè ou pou egzamen oswa depistaj ou. Egzamen vityèl kapab kalifye tou.
- Si ou enskri nan yon opsyon plan medikal Cigna HealthcareSM w ap kalifye otomatikman pou rekonpans \$300 a lè yo trete reklamasyon w lan.
- Si ou enskri nan yon opsyon medikal Kaiser oswa HMSA atravè Disney, telechaje epi enprime Fòmilè Egzamen Prevantif la epi pote l nan randevou doktè w la. Ou kapab jwenn li nan [Disney.Cigna.com](https://www.Disney.Cigna.com). Kou li soumèt bay Cigna Healthcare, w ap kalifye pou rekonpans \$300 ou a.

KONLETE SESYON KONSYANS ATRAVÈ HEADSPACE

- Resevwa \$300 kòm rekonpans lè ou konplete senk (5) sesyon sou entènèt oswa sou aplikasyon mobil la.
- Ale nan [headspace.com/disney-enroll](https://www.headspace.com/disney-enroll) epi chwazi opsyon ki pi byen dekri w la.
 - Pou Anplwaye ak Cast Members yo, swiv enstriksyon yo pou kreye yon nouvo kont lè ou itilize PERNR ID Disney w la.
 - Pou mari/madanm/patnè, Anplwaye ak cast members yo dwe envite mari/madanm/patnè pou yo anrejistre nan Headspace. Gade lyen ki anwo a pou plis enfòmasyon.
- Lè ou fin kreye enfòmasyon idantifikasyon ou yo, telechaje aplikasyon mobil la pou kòmanse. Ou pral gen aksè gratis nan tout bibliyotèk Headspace la, ki gen ladann de santèn egzèsis pou dòmi, konsantrasyon ak mouvman.
- Lè ou fin konplete senk (5) sesyon, y ap mande w ranpli yon fòm sou entènèt pou w resevwa rekonpans ou a.

Rete konekte



Swiv pwogrè – Ou ka swiv rekonpans ou resevwa yo nan [myCigna.com](https://www.myCigna.com)[®] oswa nan **Aplikasyon myCigna**[®] a.



Ou Gen Kesyon? Rele Sant Avantaj Disney a nan **1-800-354-3970**.

Pwen enpòtan konsènan rekonpans yo

Ki moun ki kalifye:

Anplwaye ak Cast Members Disney ki travay a plen tan nan Etazini ansanm ak mari/madanm/patnè domestik ki enskri nan opsyon plan medikal 2025 Disney a.

Resevwa rekonpans:

Anplwaye ak Cast Members yo kapab resevwa \$300 si yo fè yon egzamen prevantif oswa yon depistaj, oswa lè yo konplete senk (5) sesyon nan Headspace. Mari/Madanm /Patnè kapab resevwa \$300 tou pou yon total \$600.

Jan yo peye rekonpans yo:

Y ap depoze rekonpans byennèt 2025 ou nan kont epay sante w (Health Savings Account, HSA) oswa nan Kont Ranbousman Sante w (Health Reimbursement Account, HRA) nan kat (4) a sis (6) semèn apre ou fin resevwa yo.¹



Pa bliye!

Asire w pou w ankouraje mari/madanm ou oswa patnè ou pou yo patisipe tou.

1. Si ni ou ni mari/madanm/patnè ou patisipe, tout rekonpans byennèt yo ap kredite nan HSA oswa HRA ou. Si nou tou de travay pou Disney epi nou enskri separeman, rekonpans yo ap kredite nan kont chak moun.

KALIFIKASYON: Anplwaye ak Cast Members Disney ki travay a plen tan nan Etazini ansanm ak mari/madanm/patnè domestik ki enskri nan opsyon plan medikal 2025 Disney a ak ki enskri nan Headspace kalifye pou ankourajman \$300 a kòm yon pati nan Pwogram Rekonpans Byennèt la.

NÒT ENPÒTAN: Pou kalifye pou resevwa rekonpans byennèt, ou fèt pou ou anplwaye aktif lè y ap peye rekonpans yo. Dokiman sa a mete aksan sou dispozisyon ak chanjman nan Pwogram Rekonpans pou Byennèt la apati 1ye Janvyè 2025. Ou ka kalifye oswa ou ka pa kalifye pou patisipe nan pwogram sa a, depann sou estati travay ou, kote ou travay oswa akò kolektif ki aplikab, ansanm ak si ou anrejistre nan yon opsyon medikal Disney. Pou yon deskripsyon konplè sou pwogram lan, gade nan Rezime Deskripsyon Plan an nan [Benefits.Disney.com](https://www.Benefits.Disney.com). Disney rezève dwa pou modifiye oswa mete fen nan pwogram sa a nenpòt ki lè.